लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# गिदोन क छोटकी सेना

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2014 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



यहोशू की मूवला की बाद, इस्राएल क सब लोग परमेश्वर की आज्ञा क उलंघन कइलन अउर अपनी जीवन से उनके निकाल दिहलें। परमेश्वर पड़ोसी मिद्यानियन द्वारा इस्राएलियन की फसल अउर घरन

के जरावे दिहलन। अब इस्राएलियन के गुफा में रहे के पड़त रहल।



एगो इस्राएली, गिदोन की पास, गेहूं क फसल के विकसित करे खातिर गुप्त जगह रहल। उ एगो बड़ पेड़ की नीचे, छिपके फसल अउर अनाजन के साफ कइलन। मिद्यानियन के इ जगह की बारे में पता ना रहल – लेकिन

परमेश्वर के मालूम रहल! परमेश्वर आपन दूत भेज के गिदोन की खातिर एगो संदेश भेजलें।

परमेश्वर चाहत रहलन की गिदोन अपनी ही पिता क झूठ देवता वाली छवि के नष्ट करके सच्चा परमेश्वर खातिर एगो वेदी क निर्माण करे। हालांकि गिदोन डेरात रहलन की देशवासी उनके मार डलिहें, पर उ उहे कइलन जेवन परमेश्वर उनके आज्ञा दिहलन।



परमेश्वर इहो चाहत रहलन की गिदोन दुष्ट मिद्यानियन की खिलाफ इस्राएल की सेना क नेतृत्व करें। लेकिन गिदोन डेरात रहलन। उ परमेश्वर से विशेष चिंन्ह के मंगलन जे से मालूम होखे कि परमेश्वर उनकी संगे बाड़न। फिर उ जमीन पर एगो रोवेंदार चर्मपत्र के रखलन।





"गिदोन
प्रार्थना
कइलन,"
यदि ओस
खाली ऊन
पर गिरी, अउर
बाकी सब जमीन सूखल
रही, "तब फिर हम जान लेइब, कि
जइसन तू कहले हउवअ कि तू हमरी हाथन
द्वारा इस्राएल के बचइबअ।" सुबह में, जमीन
सुखल रहे, लेकिन ऊन गीला, पूरा भिगल रहे!



गिदोन अब भी संदेह कइलन। अब ऊ चाहत रहलन की परमेश्वर केवल जमीन पर ओस भेजें अउर ऊस ऊन पर बिलकुल नाहीं। अगिला सुबह - जमीन गीला रहल लेकिन ऊ ऊन एक दम सूखल रहल!



गिदोन 32,000 की फौज की साथ बाहर निकललन। परमेश्वर खाली 300 पुरुषन की खातिर अनुमति दिहलें। परमेश्वर ना चाहत रहलें कि इस्राएल कहे की "हमनी क अपनी हाँथन की बल से जीत हांसिल कइलीं हँजा।" खाली यहोवा ही इस्राएल क एक मात्र मुक्तिदाता रहलें।



ई जानत हुवे की गिदोन अभी भी डेरात हउवन, परमेश्वर चुपके से एगो मिद्यानी सैनिक के अजीब सपना की बारे में दूसरा से बतावत सुने दिहलन। सपना में, रोटी क एगो पाव एगो मिद्यानी तम्बू की खिलाफ आइल अउर ओके नष्ट कर दिहलस।



दूसरा सिपाही डर गइल। "ई त ... गिदोन क तलवार हअ ..." ऊ चिल्लाइल। गिदोन सपना क अर्थ सुनला की बाद, ई जान लिहलन अब परमेश्वर उनके बिजयी बनावे जात रहलन।



गिदोन एक रात हमला क योजना बनवलें। उ हर एक
सैनिकन के एगो तुरही दीहलन, अउर अंदर मशालन की साथ
खाली घड़ा भी दिहलन। उ
मिद्यानी सेना के घेर
लिहलन लोग।



गिदोन की संकेत की अनुसार, सैनिक तुरही बजा दिहलन, उ घड़ा के तूर के मशालन के जला लिहलन जा। ई केवनी चीज क शोर हुआ! उ सब भ्रम में डर गइलें अउर मिद्यानी सब उठके भाग गइलन सअ।



ए महान जीत की बाद इस्राएल के पुरुष लोग उन पर शासन करे खातिर गिदोन से निवेदन कइले। "गिदोन उत्तर दिहलन, हम नाहीं पर यहोवा सब पर शासन करीहन।" उ जानत रहलन कि लोगन के जीवन पर शासन करे क अधिकार सिर्फ परमेश्वर क हअ।



# गिदोन क छोटकी सेना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

न्यायियोँ 6-8

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16